**Mámlekette ekologiyalıq turaqlılıqtı támiynlewge jaslardıń qatnasın asırıwda ekologiyalıq tálimniń ornı**

**Omirzakov Rustem Abdirazaq uli**

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti stajer-oqıtıwshısı

+99 899 741 24 96

omirzakov_r@karsu.uz

**Annotaciya:** Maqalada insannıń tábiyiy resurslar hám ekosistemalarǵa zıyanlı tásiri kózqarasınan jaslardıń ekologiyalıq táliminiń aktuallıǵı talqılanadı. Ekologiyalıq tálimdiń xarakterli qásiyetleri, onıń maqsetleri keltirilgen. Jaslarǵa ekologiyalıq tárbiya beriwdiń nátiyjeli usılları usınıs etilgen.

**Gilt sózler:** ekologiya, jaslardıń ekologiyalıq tárbiyası, social ekologiya, insan ekologiyası, ǵalabalıq mádeniyat hám tálim.

**Аннотация:** Maqolada insonning tabiiy resurslar va ekotizimlarga zararli tasiri nuqtai-nazaridan yoshlar ekologik ta’limi dolzarbligi muhokama qilindi. Ekologik ta’limning o’ziga xos hususiyatlari, uning maqsadlari keltirilgan. Yoshlarga ekologik tarbiya berishning natijali usullari taklif etilgan.

**Kalit so’zlar:** ekologiya, yoshlar ekologik tarbiyasi, ijtimoiy ekologiya, inson ekologiyasi, ommoviy mamadaniyat va ta’lim.

**Аннотация:** В статье обсуждалась актуальность экологического образования молодежи с точки зрения вредного воздействия человека на природные ресурсы и экосистемы. Представлены особенности экологического образования и его цели. Предлагаются эффективные методы экологического воспитания молодежи.

**Ключевые слова:** экология, экологическое образование молодежи, социальная экология, экология человека, общественная культура и образование.

**Annotation:** The article discussed the relevance of environmental education for young people in terms of harmful human impacts on natural resources and ecosystems. The features of ecological education and its goals are presented. Effective methods of ecological education of youth are proposed.

**Key words:** ecology, ecological education of youth, social ecology, human ecology, social culture and education.

Ótken XX ásirde islep shıǵarıw, awıl xojalıǵı tarawındaǵı qorshaǵan tábiyiy ortalıqqa tikkley hám aqılǵa uǵras kelmeytuǵın tásir nátiyjesinde búgingi kúnde insaniyattıń aldına bir qatar keyinge qaldırip bolmaytuǵın ekologiyalıq mashqalalardı qoymaqta. Bul mashqalalar tek ǵana bir neshe mámleket penen sheklenbesten pútkil dúnya juzin qamtıp almaqta.

Sistemanı ugımsız hám tez ózgeriwshen átirap -ortalıq sharayatlarına tabıslı maslastırıwdıń tiykargı quralı házirgi jagdayda eń jaqsı nátiyjelerdi támiyinleytugın bunday rawajlanıw usılın qáliplestiriw hám ámelge asırıwdı támiyinleytugın nátiyjeli basqarıw mexanizmi bolıp tabıladı.

Ekologiyalıq tálim YuNESKO hám Birlesken Milletler Shólkeminiń Átirap -ortalıq programması tárepinen insan hám tábiyaat ortasındagı óz-ara munasábetlerdi uyqaslashtirishning tiykargı quralı retinde ilgeri surilgan. Átirap -ortalıqtı qorǵaw boyınsha Stokgolm konferenciyası (1972) xalıq aralıq ekologiyalıq tálim programmasınıń mazmunı boyınsha usınıslar qabılladı.

1975-jıl basına kelip, programma YuNESKO tárepinen Birlesken Milletler Shólkeminiń Átirap -ortalıq boyınsha Komissiyası (UNEP) menen birgelikte islep shıgılgan. Ekologiyalıq tálim boyınsha húkimetleraro konferenciya (Tbilisi, 1977), BMTning átirap -ortalıq hám rawajlanıw boyınsha konferenciyası (Rio-de-Janeyro, 1992) bul tarawdagı zárúrli waqıya boldı, Tbilisi konferenciyası kólemin keńeytirdi, tálimdi rawajlandırıwga kómeklesiwge qarar etildi. sol tárzde, sol túrde, sonday etip. Turaqlı rawajlanıw konsepsiyasın insaniyattıń ruwxıy hám kásiplik munasábetler sistemasına aylandırıw maqsetinde xalıqtı xabarlı qılıw hám kadrlar tayarlaw. [ 1. 61-62 b]

Ózbekstan Respublikası Konstituciyasınıń 62-statyasında "Puqaralar átirap tábiyiy ortalıqqa abaylılıq penen munasábette bolıwga minnetli."[2]

Ekologiyalıq mashqalalardıń bargan sayın globallıq tárizde ósip baratırganlıgı inabatqa alınıp, sońgı jıllarda áhmiyetli baslı wazıypalar menen bir qatarda qorshagan ortalıq qorgawı, ekologiyalıq mádeniyat, ekologiyalıq tálim – tárbiya, ekologiyalıq agartıwshılıq máselelerine ayrıqsha itibar berilmekte. Ekologiyalıq tálimniń aktuallıgı mámleketimiz tábiyatı, ekosistemaları, qorshagan ortalıqtı turaqsızlıq hám izden shıgarıwdan asıraw, xalıqtıń ekologiyalıq mádeniyatın asırıw, usı óte áhmiyetli, turmıslıq máselelerdi sheshiwde hám saplastırıwda xalıqtıń bárshe qatlamlarınıń, ásirese jaslardıń sıyasıy belsendiligin asırıw zárúrligi menen belgilenedi.[3]

Mámleketimizde 30 jasqa shekemgi bolgan jaslardıń sanı 18 millionnan zıyat. Bul – mámleketimizdiń derlik 55 procenttin quraydı. Zaman talapların ańlaw hám ámelge asırıw, mámleketlik sıyasattıń ekologiyalıq qáwipsizlikti támiynlew tarawı hám basqarıwı tarmaqlarındagı is-ilajlardı alga ilgerletiwde bul úlken tayanısh, hám biybaha gáziyne esaplanadı[https://president.uz/oz/lists/view/4105]. Jurtımızda basqa tarawlar qatarı ekologiyalıq turaqlılıqtı támiynlew, xalıqtıń qolay tábiyiy ortalıqqa iye bolıwı ushın zárúr shárt-sharayatlar jaratıw, tábiyiy resurslardan aqılga muwapıq hám nátiyjeli paydalanıw, júzege kelip atırgan ekologik mashqalalardıń aldın alıw hám olardıń unamsız aqıbetlerin saplastırıw máselelerine de úlken itibar qaratılıp kelinbekte.

Ekologik turaqlıqlılıqtı támiynlewde jaslarǵa ekologik tálim beriw baslı ról oynaydi hám mámleketimiz ǵarezsizlikke erisken kúnnen baslap búgan ayrıqsha itibar berilmekte. Bıraq, ekologik tálimdi ámelge asırıw processiniń sistemalı analizi ekologik tálimdi shólkemlestiriwde bul máseledegi reformalardı tolıq ámelge asırıwǵa tosqınlıq etiwshi mashqala hám kemshilikler saqlanıp qalıp atırǵanlıǵın kórsetpekte. Atap aytqanda:

- bárshe túrdegi tálim mekemelerinde Ózbekstan Respublikasınıń «Tábiyattı qorǵaw haqqında» Nızamınıń 4-statyasinda názerde tutılǵan ekologik tálimniń májbúriyligine tiyisli talaplar jeterli dárejede orınlanbay atır;[4]
- ámeldegi mámleketlik tálim standartları hám oqıw dástúrleri mazmunı jaǵınan ekologik bilim, kónlikpe hám kompetenciyalar menen zárúr dárejede bayıtılmaǵan;
- tálim sistemasınıń bárshe basqıshlarında ámelde bolǵan tálim dástúrleri búgingi kúndegi global mashqalalrdı saplastırıw, bar ekologiyalıq qáwip-qáter dárejesin kemeytiriw, tábiyiy ortalıqtı qayta tiklewge qaratılǵan ulıwma milliy is-ilajlar mazmunı menen muwapıqlastırılmaǵan;
- tálim orınlarında ekologiyalıq úgit-násiyatlaw (propaganda) sisteması da qanıǵarsız awhalda, bul barada ekologiyalıq úgit-násiyatlaw(propaganda)dı ámelge asırıw mexanizmlerin jolǵa qoyıw hám usı mexanizmlerdi múnásip xoshametlew is-ilajları jeterli dárejede ámelge aırılmay atır;
- ekologiyalıq tálim tarawında oqıtıwshılardıń iskerligin metodikalıq jaqtan támiynlewshi oqıw materialları, sol qatarı, ekologiya hám qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw tarawına tiyisli oqıw qollanbaları, oqıwshı hám studentler ushın zárúrli sabaqlıqlardıń jeterli emesligi;

2017-2021 – jıllarda Ózbekstan Respublkasın rawajlandırıwdıń bes baslı baǵdarı boyınsha Háreketler strategiyasında belgilengen waziyplaradı sózsiz ámelge asırıw, respublika aymaqlarındaǵı ekologik mashqalalar sheshimine tálim sistemasın engiziw menen úles qosıw, ósip kiyatırǵan jas áwladtıń ekologik sawatxanlıǵin asırıw, ekologik sananı hám ekologik mádeniyattı qáliplestiriw hám rawajlandırıw, ekologiyalıq tálim hám tárbiya processin nátiyjeli shólkemlestiriw maqsetinde 2019-jılı 27-may sánesinde «Ózbekstan Respublikasında Ekologiyalıq tálimdi rawajlandırıw» KONCEPCIYASI qabıllandı.

Bunnan tısqarı, Ózbekstan Respublikası Ministrler kábinetiniń 2021-jıl 18-yanvardaǵı №23 sanalı Qararı menen tastıyqlanǵan «Ózbekstanda jaslarǵa tiyisli mámleketlik sıyasattı 2025-jılǵa shekem rawajlandırıw» KONCENCIYASI na tiykar, ósip kiyatırǵan jas áwladttıń ekologik sawatxanlıǵın asırıw, ekologiyalıq sanası hám mádeniyatın rawajlandırıw maqsetinde ekologik dem alıw ornı(oromgoh) sólkemlestiriw mólsherlengen.[ 3]

Juwmaqlap aytqanda jaslar tábiyaat hám jámiyettiiń turaqlı rawajlanıwına tásir etiwshi tiykarǵı faktor bolıp kelgen hám sonday bolıp qaladı. Onıń social tákirar óndiristegi roli sotsiologiyada bul social-demografik gruppanıń eń zárúrli belgisi bolıp esaplanadı.

Hár bir jańa áwlad social strukturaǵa kirip barıwı menen tek ǵana social normalar, qádiriyatlar, minez-qulıq usılların ótken zamannan keleshekke ótkeriw emes, bálki olardı jańalaw procesi de júz beredi. Bul jaslardıń da, jámiyettiń de social rawajlanıwın támiyinleydi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**


1) "Мировая наука" №6(39) 2020 61-62 b Pulatova N. teacher Xasanov N. student Fergana state university Fergana city, Uzbekistan THE ROLE OF ENVIRONMENTAL EDUCATION IN MODERN EDUCATION;

2) Ўзбекистон Республикаси Конституцияси //Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 01.05.2023 й., 03/23/837/0241-сон;

3) Ўзбекистон Республикасида Экологик таълимни ривожлантириш КОНЦЕПЦИЯСИ // Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 21.05.2021 й., 09/21/320/0482-сон, 04.06.2021 й., 09/21/345/0522-сон;

4) Ўзбекистон Республикасининг «Табиатни муҳофаза қилиш тўғрисида»ги Қонуни // *Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 21.04.2021 й., 03/21/683/0375-сон, 12.10.2021 й., 03/21/721/0952-сон;*